

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Éstétika dina Tradisi Ngabungbang Raga jeung Rasa di Padépokan Kuru Sétra Désa Sirnaresmi Kacamatan Gunung Guruh Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya Kelas XII di SMA”. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif. Téhnik dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka, wawancara, obsérvasi, jeung dokuméntasi. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal, nya éta: sajarah Tradisi Ngabungbang Raga jeung Rasa atawa TNgRR (satulunya ieu singgetan dipaké dina ieu pedaran) di Padépokan Kuru Sétra, prak-prakan TNgRR di Padépokan Kuru Sétra, ajén éstétikan dina TNgRR di Padépokan Kuru Sétra, jeung larapna TNgRR di Padépokan Kuru Sétra pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII. Di dieu dipedar kacindekan-kacindekan nu dicangking tina panalungtikan.

TNgRR mangrupa hiji kabiasaan anu sok dilakukeun ku kolot baheula sarta diturunkeun sacara turun-tumurun. Tradisi ieu sok dilakukeun waktu bulan caang némbak, nya éta antara tanggal 11,12, 13, jeung 14 dina unggal bulan Mulud, malah mah sok aya ogé anu ngalaksanakeun ieu tradisi sabulan sakali. Kolot baheula miboga anggapan, yén dina tanggal tanggal 11, 12, 13, 14, di langit malaikat keur ngadu’ a ka Gusti Allah, ku kituna ngarasa dina tanggal sakitu waktu nu hadé pikeun ngaraketkeun diri ka Gusti Alloh SWT. Baheula TNgRR ukur disebut ‘ngabungbang’, kecap ngabungbang éta sorangan miboga harti ‘nyileuk di tengah peuting’, harti éta saluyu jeung naon anu nyangkaruk dina tradisi ngabungbang. TNgRR nu diayakeun ku Padépokan Kuru Sétra aya sanggeus Padépokan Kuru Sétra ngadeg.

Ritual dimimitian ku nyiapkeun sasajén nu mangrupa hasil bumi, saperti bungbuahan, beubeutian, rurujakan, kopi, jsté. Satulunya aya pintonan seni saperti tembang, pencak silat, jsté. Sanggeus pintonan seni rengsé, aya ceramah anu

Dita Anggia Dewi, 2016

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA TRADISI NGABUNGBANG RAGA JEUNG RASA DI PADÉPOKAN KURU SÉTRA DESA SIRNARESMI KACAMATAN GUNUNG GURUH KABUPATEN SUKABUMI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditepikeun ku sesepuh padépokan Kuru Sétra, eusina ngeunaan urang kudu bersyukur kana sagala ni'mat nu geus dipaparin ku Gusti Allah jeung papagah nalika engké ngalaksanakeun ngabungbang. Sanggeus céramah réngsé, sakabéh nu ilubiung dina TNgRR ngariung ditempat anu lega, tempatna kudu langsung handapeun caang bulan nu keur nembrak, tuluy ngabungbang rasa dilakukeun dipingpin ku sesepuh Padépokan Kuru Sétra. Sasajén nu geus disayagikeun tadi diteundeun di tengah-tengah riungan. Pamilon ngabungbang kudu ngosongkeun pikiran sarta husu masrahkeun diri ka Gusti Allah. Tuluy dipirig ku kacapi suling sangkan leuwih husu. Sanggeus ngabungbang rasa réngsé dilaksanakeun, sakabéh pamilon nu ilubiung langsung indit babarengan ka walungan nu geus ditangtukeun pikeun ngabungbang raga. Satepina di walungan ngabungbang raga dilakukeun, di pingpin deui ku sesepuh Padépokan Kuru Sétra. Sanggeus runtuyan TNgRR dilaksanakeun kabéh, pamilon nu ilubiung ngaranti baju, ku sabab bajuna baraseuh geus marandi di walungan. Waktu geus asup ka Subuh, pamilon aya nu langsung balik aya ogé anu solat subuh jama'ah.

Ajén éstétika nu nyampak dina TNgRR katitén tina déskripsi hasil wawancara, dumasar kana hal-hal nu aya tina wujud TNgRR. Wujud téh mangrupa kanyataan nu katempo sacara kongkrit jeung abstrak. Wujud éstétika dina TNgRR nu ditalungtik ngawengku dékorasi, busana, sasajén sarta pintonan seni, kalayan maké tiori ajén éstétika Kant, nya éta ajén éstétis atawa ajén murni jeung ajén ékstra éstétis atawa ajén tambahan. Ajén éstétis atawa ajén murni tina TNgRR katitén dina: 1) wangun jeung warna (dina dékorasi jeung pakéan); 2) gerak, tempo, jeung wirahma (dina olahraga tradisional); 3) sora, metrum, jeung wirahma (dina pintonan seni). Ari ajén ékstra éstétis atawa tambahan dina TNgRR katitén dina dedeg pangadeg manusa, alam, sasatoan, jsté.

Hasil panalungtikan ngeunaan Ajén Éstétika dina TNgRR di Padépokan Kuru Sétra, bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya kelas XII di SMA. Dina ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran, kudu dumasar kana silabus jeung Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar anu lumaku di Indonesia. Ngalarapkeun kabudayaan jadi bahan ajar mangrupa salah sahiji alternatif pikeun ngawanohkeun deui kabudayaan ka generasi anyar sangkan kabudayaan Sunda teu tumpur tur diaku ku bangsa batur.

5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara saran pikeun lajuning laku ieu panalungtikan. Dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban kana inventarisasi budaya di Jawa Barat. Sangkan ieu TNgRR teu tumpur, aya sababaraha saran nu diajengkeun ka: 1) lembaga-lembaga pendidikan; 2) lembaga-lembaga kabudayaan; 3) mahasiswa; jeung 4) masarakat umum.

1) Lembaga-lembaga Pendidikan

Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Sabab dijerona jembar ku ajén-inajén pendidikan, hususna bidang kabudayaan.

2) Lembaga-lembaga Kabudayaan

Lembaga-lembaga kabudayaan dipiharep sangkan leuwih merhatikeun jeung ngaiventarisir kana budaya jeung seni, hususna tradisi-tradisi anu aya di Jawa Barat.

3) Mahasiswa

TNgRR bisa ditalantik deui leuwih jero jeung leuwih husus, sangkan kaguar deui hal-hal séjénna.

4) Masarakat Umum

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jaji salah sahiji sarana pikeun masarakat umum mikawanoh leuwih jembar ngeunaan TNgRR. Salian ti éta, masarakat dipiharep bisa leuwih ngaraksa jeung ngariksa kabudayaan jeung tali paranti titinggal karuhun urang.